

REGINIPOEN LENGGANAN

SWARA - TAMA:

1 taoen	f 6,-	njoewoen k bajar roemijn. Kenging mbajar saben woelan
1/2 "	f 3,-	
3. woelan	f 1,50	

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja	f 36,-
1/2 "	f 18,65,-
1/4 "	9,75,-
1/8 "	f 5,25,-

Saladjengipoen: saben 1 cm² f 0,03;

sekedik - kedikipoen: f 1,50.

Kabar premili alit - alitan: f 1,-

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapi-
san, oetawi dados lengganan, tepang rembag
roemijn kalijan administratie.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

N. I. O. G. MANGSAH JOEDA. P. G. H. B. KA-ANGGÉ MARGI.

Konggrès P. G. H. B. sampoen kapengker. Warni - warni ingkang koela raosaken. Nanging, namoeng satoenggal ingkang tansah dados manah koela. Inggih poenika: anggénipoen konggrès waoe kaangge papan propagandanipoen N.I.O.G. amerangi sakolahan ingkang adadasar agami.

Ing salebetipoen konggrès waoe, P. G. H. B. kangge wodipoen N.I.O.G. anjebar boekoe kaggé merangi sakolahan - sakolahan inkang adadasar agami. Boekoe waoe isi wawaton - wawatonipoen N. I. O. G. anggénipoen ngemohi confessionele onderwijs, sarta sanget anggénipoen ngoenggoel - oenggoel aken neutraal onderwijs. Boekoe waoe anjoentik ingkang maos soepados boten nglebetaken snakipoen wonten bijzondere scholen ingkang adadasar agami.

Sadaja ingkang kalebet ing boeboe ngrikoe, kalebet ing oengeloengelan lagoe koena, ingkang pantesipoen sampoen kalebetaken ing moeséjoem. Wawaton-wawaton ing ngrikoe sampoem oud modis ch, ingkang wonten ing seratserat kabar Katoelik sampoen kerep dipoenabeni. Wiwit medalipoen brochure waoe ing basa Walandi, de Koerier sampoen amaben kanti wawaton ingkang tjespleng, lan . . . N. I. O. G. diam sadja, boten tjemoewit. Anggénipoen këndel waoe kënging dipoen gagapi ora bisa ngoengga remboegé, oetawi pantjén satoenggiling sarana kaggé ngrabasa bebéteng mengsa. Nanging, . . . diam sahadja ing bab kados makaten poenika, saben tijang saged amastani, saged ngoekoer sapinten bobotan wawatonipoen N. I. O. G. anggénipoen njembah-njembah dateng neutraal onderwijs . . . Sasampoenipoen këndel kémawon, . . . sapoenia brochur waoe malah kasebar ing basa Mlajoe wonten ing konggrésipoen para goeroe mawi lantaranipoen pangreh P.G.H.B. Dados, bokmanawi kémawon N. I. O. G. gadah bandéra ingkang tjiptipon: sapa nékad bakal ngeloen djagad. Een oneerlike strijdmiddel!

Koela boten badé maben kadospoendi wawatonipoen N. I. O. G. anggénipoen anggoesti neutraal onderwijs. Lan koela inggih boten badé ngrembag wawaton Katoelik ing bab prakawis poenika. Djer rembag confessionele lan neutraal onderwijs sampoen kerep kaandaraken wonten Sw. Tm., S. Kath., De Koerier, Iss. Manawi karembag ing ngriki mindak amboseni.

Namoeng saprakawis ingkang tansah dados pitakaning manah koela i.p. anggénipoen P. G. H. B. ngantos ke blinger poeroen dados wodipoen N. I. O. G. anggénipoen badé ngrisk confessionele onderwijs. Koela pitados anggénipoen P. G. H. B. makaten waoe, boten kanti sedya awon, boten adadasar éwang - éwangan. Ewadéné, sanget koela getoeni.

Goeroe - goeroe ingkang sami manggén ing gria P. G. H. B. poenika warni-warni. Wonten ingkang angadjeng neutral onderwijs, wonten ingkang nengenaken bijzonder onderwijs adadasar agami. P. G. H. B. mesti sampoen mangertos ing salebeting grijanipoen dipoenenggén goeroe² saking goerperménan, Missie, Zending toewin pakempalan Mohammadiah. Manawi angloenggoehi wataking bapa, amékani soepados boten wonten padedoning anak ingkang toenggil sagrija, pangreh P. G. H. B. kedah ngadeg wonten ing tengah leres.

Tjeta sanget ing kalangan goeroe koelit petak wonten ébah - ébahan warni kalih, neutral kalijan confessionele onderwijs ingkang sami mangoen béteng wonten N.I.O.G.

kalijan K.O.B. Iss. Golongan kakali poenika sami ajoen ajoenan, sami perang.

Saoepami wonten nagari kakali, sami perang: A. mengsa C. Wadyabala ing A. gadah kaantepan sagedipoen ngobrak - abrik béteng ing C. poenika manawi barisan lan dadamelanipoen kalampahaken medal ing talatuhipoen nagari B. Saopami B. waoe ladeng angsal këmawon kaangge marginipoen wadyabala A. nagari C. mesti ladeng nganggep bilih B. poenika komplotipoen A; angréntjangi A. Makaten menggah gambaripoen P. G. H. B. anggénipoen poeroen dados kretegipoen N. I. O. G. njebar dadamelipoen ingkang awoedjoed brochure kaggé merangi béteng confessionele onderwijs.

Dados sanadjan koela pitados bilih pangreh P. G. H. B. anggénipoen anjebaren boekoe waoe boten adadasar manah awon, éwadéné lekasipoen poenika saged andjalari boten senengipoen anak-anakipoen ingkang sami ngadjengi dateng confessionele onderwijs. Lan, koela balakakaken ing ngrikoe lekasipoen P. G. H. B. ingkang makaten waoe pantjén boten damel senengipoen warga P.G.H.B saking kalangan misie, zending Iss. Éman déne kala prakawis poenika wonten ingkang ngrembag, kawontenaning konggrès angleresi dahoeroe, ngantos boten saged karembag kalajan saé. Wangsoelenipoen tjalon pangarsa P.G.H.B. t. Prawiradinata temrap rembag poenika, kala semanten boten saged andadosaken maremipoen golongan confessionele onderwijs ingkang katah-katah. Prakawis wawaton - wawatonipoen golongan kakali poenika, pangreh P.G.H.B. pantjén prajogi njoemerepi. Nanging poenika boten ateges kedah poeroen kaangge pirantosipoen N. I. O. G. anglawan confessionele onderwijs . . . Sige!

Sasampoenipoen njemerepi kawontenan makaten ing salebetipoen P. G. H. B., panginten koela, kantja goeroe golongan Katoelik ladeng roemaos ambetahaken wontenipoen pakempalanipoen kantja goeroe Katoelik Indonésiers, boten beda kalian goeroe - goeroe Walandi Katoelik anggénipoen sami manoenggil wonten ing K. O. B.

Temenipoen widji ngadegaken pakempalan goeroe Katoelik Indonésiers poenika kala gangsal taoenan sapriki sampoen wonten. Nanging kabekta kawontenan, widji waoe boten saged semi ingkang ngantos wida. Bokmanawi, margi anjoe-meripi lalampahan ing samangké ing salebetipoen konggrès P.G.H.B., wandawa Katoelik ladeng tinarboeka malih, anggesangaken widji ingkang sampoen pedjah waoe.

Soeldadoe Katoelik ing kalangan onderwijs. Saking Swara Tama ngriki koela angaban: Samia patjak baris! N. I. O. G. nékad nedya ngrabasa béteng confessionele onderwijs. Saking nékadipoen, ngantos wani anglebetaken sandjata wonten ing grijanipoen P. G. H. B. Perloenipoen inggih namoeng kaggé ngobrak-abrik barisan kita. Awas. . . sadérèk! Ingkang prajitana! Sampoen katalompèn!

A. S. D.

PRADJA RAHAJOE.

BOEMBON - BOEMBON, *

Ingkang badé koela mangsak poenika petikan saking tanemanipoen sad. S. M. Latif, ingkang sampoen dipoen-goebah wonten ing Sw. Tm. no. 4 Jan. 1931 déning sad. Pak Tyon.

Sadérèk S. M. Latif njerat:

Mila, kita kaoem kabangsan, ga-
dah kawadjiban mratitaskan pa-
karjanipoen missie Indonesia lan

sadjawining Indonesia. Poenapa² ingkang kalampah ing ngriki, saged (badé) kalampahan ing ngriki. Manawi makaten ladeng saged anamtokaken tradjang kita."

Koela Ab. D.S. 99% acc. dateng temboenipoen sadérèk S. M. L. ing nginggil poenika. Teka boten 100% acc? Amargi temboeng "kita kaoem kabangsan" tegesipoen taksih mecheng, ingkang angewrat pitakaning ingkang ageng.

Déné pitakanipoen moengel: "Wong Katoelik kleboe kaoem kabangsan apa ora?" Kersanipoen sad. S.M. Latif kados-poendi? Klebet poenapa boten? Jén klebet inggih sampoen, koela "boekak topi" dateng sadérèk nationalist S. M. Latif, lan 100% acc., dateng pangandikanipoen ing nginggil waoe. Anang jén "boten klebet". lo kadospoendi? Sadérèk S.M.L. raksampoen moengel pijambak: "Poenapa² ingkang kalampah ing ngriki, saged (badé) kalampahan wonten ing ngriki".

Dados temboen ing nginggil poenika oegi angewrat pikadjen: "Apa - apa sing kelakon ana ing Mesir, Pillipinah, Hindoe l.l. l. bisa (bakal) kelakon ana ing kéné."

Ingkang mangka sad. Kristen ing Mesir, Pillipinah lan Hindoe kalamahan toemoet sadérèk kabangsan. Tandaniipoen? Soemangga amriksana Persoverzicht 16 - 8 - 1930 petikan saking s. k. Swara Oemoem 6 - 8 - 1930. Oengelipono makaten: "Si. anerangaken, bilih ébah - ébah kabangsan neda kamardikan ing India - Inggis dèrèng saged kadoemoeging sedyanipoen, amargi ing ngriki wonten golongan ageng-ageng kalih ingkang sedyanipoen ngalér - ngidoel, inggih poenika bangsa (kaoem) Islam lan Hindoe. Bènten kalijan ing Mesir. Menawi ing ngriki ngrembag kabetahan kabangsan, manahing tijang Kristen, Islam lan tijang agami sanèsipoen ladeng dados satoenggal (sagolong). Margi saking poenika sanadjan tanah Mesir poenika djiwanipoen namoeng sekedik, kaot hatang sanget tinimbang Indija (Indonesia)."

(Si. wijst er op, dat de nationale vrijheidsbeweging in Britsch - Indië haar doel hog niet heeft kunnen bereiken, omdat daar twee grote groepen tegenover elkaar staan, de Mohammedanen en de Hindoe's. In Egypte is het anders. Indien het daar gaat om een national belang, dan komen Mohammedanen, Christen en lieden van anderen godsdienst als één man op. Daarvandaan, dat Egypte met een minder aantal inwoners dan Indië meer heeft kunnen bereiken. Dat Indië Egypte tot voorbeeld nemel).

Rak tjeta ta, jén kaoem Kristen inggih "kénging, tegesipoen boten dipoenawisi, toemoet ébah - ébah kabangsan? Boten namoeng doe-moegi kénging, malah oegi dipoen-tindakaken. Déné anggénipoen nin-dakaken boten perloe anggadahi actie "non", sinaosa "co" inggih saged. Jén marginipoen bénten-bén-ten poenika boten dados poenapa, oeger sadaja noedjoe dateng kamardikaning tanah woetah rah kita Indonesia.

Menawi sadérèk S. M. Latif badé manoenggilaken bangsa Indonesia saestoe, boten perloe mawi njerat "Ngriki badé ananem Kristen wonten tanah ngriki, nanging sasat dipoenasengi andeder widji boten seneng, menawi boten, inggih malah sinarengan nanem soedjana toewin geting." (Pertalanipoen Pak Tyon). Sad. S. M. Latif njerat mekanen poenika poenapa boten istingarah andeder widji "boten seneng, oet, geting" partij pandjenengan dateng partij kita?

Jén pandjenengan mastani, menawi missie goenika slomprèting pradja Nederland poenika lepat (kléntoe) sanget. Pak Tyon sampoen nerangaken, jén missie poenika

oetoesaning Pasamoean Katholiek ing Roem, sanès pradja Welandi. Déné kok tijang (para ngoelama) Welandi ingkang dipoenetoes wonen ing missie ngriki, poenika raksapoena ngriki poenika dijaduhan Welandi.

Ing nginggil koela sampoen njeboetaken nama Pillipinah lan Hindoe. Prekawis kaoem Kristen ing tanah kalih poenika boten perloe koela atoeraken, djer . . . menawi sad. S. M. L. kersa ambikaki serat serat kabar taoen 1930, temtoe badé priksa, bilih kaoem Kristen inggih toemoet ébah - ébah kabangsan, ambélanai kaoem kabangsan sanèsipoen, perloe amboedidaja ngoepados kamardikaning tanah woetah rahiopoen.

"Menawi makaten ladeng saged anamtokaken tradjang kita (aldus S. M. Latif weer)."

Sadérèk Latif, tradjang kadospoendi? Ngawontenaken "re-actie" poenapa "samenerwerking"? Poenika pitakaning koela, ingkang angél oetawi makewedi toemraping partijgenooten-ipoen sadérèk Latif. Poenapa wangsoelenipoen mengeng oetawi Neutral?

Semanten kémawon anggèn koela saged moengel: . . . "O, soekorlaar bahwa Indonésiers itoe tidak semoea berkwaliteit seperti itoe redaktoer . . ."

Ab. D. S.

ECONOMIE.

RA'JAT INDONESIA LAN ECONOMIE.

Sambetipoen Sw. Tm. No. 6.

Makaten oegi jén dipoenasengawang sangebjaran kémawon, tetijang Djawi dèrèng risak sanget-sanget kados andaran koela ing nginggil. Tandaniipoen, para prijantoon oepaminipoen, keteng bregas-bregas, grijanipoen netjes - netjes, garwa toewin poetra matjak - matjak. Wah sampoen ta, nge-resepaken ta, ketingalipoen!

Ing nginggil koela sampoen netepaken jén panggesanganipoen tijang Djawi oetawi tijang Indonesia oe-moemipoen poenika sampoen risak. Katerangan koela poenika teroes koela antepi.

Wontenipoen tijang Djawi ketengal dèrèng sapintena risakipoen, poenika namoeng doemoenoeng wonten ing pangakenan. Sapoenia kawontenan, sami belék-belékkan, on-tjék-ontjékkan, blakan-blakanan, wajéh - waléhan toewin blak - blakan. Manawi tetijang Djawi wani blakan-blakanan, prasada, koela anggep satrija jektos, toeroening Pandawa, liripoen wani ngetingalaken kalepatanipoen soepados dados saé.

Toemrap tijang alit oetawi tijang padoesinan, boten patos koela prihatosaken, djalaran gesanggeng te-tijang padoesinan poenika kénging koela wastani "openbaar". Satoenggal-satoenggalipoen tijang doesen saged njoemerepi sapinten kasoe-gihaning tangganipoen, lan sapinten katahing samboetaning tangganipoen. Kanti tjekak tijang doesen poenika toemrap wadosing panggesangan boten patos dipoenopéni. Ngantos sawenéh, remen ngetingalaken saha maméaken bab samboetan-samboetanipoen.

Toemrap kaoem midden - stand oetawi para ingkang ngaken prijantoon, inggih poenika tijang - tijang ingkang tampi blandja woelanan, rekaos sanget anggénipoen badé mastani tjekak toewin botenipoen. Djalaran tek-klíweripoen tijang ge-grija, primpen sanget anggénipoen andelikaken.

Hoofdredacteur:

A. DJAJASEPOETRA.

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS - COLLEGE

DIJOKJAKARTA.

Telefoon no. 795.

Drukkerij "Canisius" Djokja.

ISINIPEN.

N.I.O.G. Mangsah joeda — Boembon - boembon — Rajat Indonésia lan Ékonomi — Persaudaraan ing Poerwakerta — Wangsoelen dateng enz. — Kongrès P. G. H. B. — Goentingan pers — Ingkang koela alami enz. — Pakabaran saking pakempalan — Oper-sari — Correspondentie.

GOENTINGAN PERS.

Merapi - delict.

Hem. . . . Lalampahan ingkang n

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

Parepatan taoen Inl. R. K. Begrave-nisfonds afd. Bandoeng."

Pangreh:

Ing awalaning taoen 1930, pak poenika kaasta déning

1. toew. E. Setoe. pangarsa

2. mej. Soejatinah panitra.

3. Rd. Tahirin harta.

4. teew. Rd. Djabardi { Commissaris

Djalaran panitra lan toew. P. Ngadhimin boten kersa nindakken, margi alangan, dadas ing salebetipoen sataoen pak, namoeng resepsé déning; pangarsa, hardaka, lan Commissaris toew. Rd. Djabardi.

Roemaoes begda sanget déning kita tansah saged pikanteek pitoeloengen saking toewan Harahap, ingkang kersa ngoerbanaken salira, boten wegah, ngrigenaken wontening pak. (Atas damaning pangreh koela matoer noewoen).

Pindahipoen Rama de Rooy saking Bnd. dateng Tjimahi oegi damel gondjinging gotrah Katholiek Djawi ing Bandoeng, Djalaran lajeng sami kembang dateng wotening parepatan.

Papagihann saben Minggoe sonten oegi ladjeng boten toemindak malih.

Administratie:

Margi saking ongrehing pangreh, makaten oegi pindahipoen rama G. A., adm. kenging kawastanan kirang sampaerna panjepengipoen. Kadosta: wontenipoen boekoe-boekoe, djalaran saking roewetipoen, hartaka boten saged nindakken padamelenipoen. Pangarsa oegi njobi nindakken, anamoeng pinanggihipoen oegi kath lepatipoen. Sadaja waoe djalaran toewan Harahap pinoedjoe gerah. Anamoeng kita oegi maret déning pinanggihipoen arta saé.

Warga:

Loemampah sataoen poenika ingkang kantimpai dadas warga wonten 103; noewoen këndel djalaran pindah 33. Dados poengkasanan taoen kita gadah warga 70.

Contribute:

Panrikipoen Contributie saé; langkoeng-langkoeng tjeb. Tjimahi.

Pindahipoen pangreh tjeb. toewan Lumenan saking Tjimahi dateng Meester-Cornelis; kita ragi toeni margi lelabetanipoen toew. Lumewan, oegi harkatang tjeb, kath sanget. Adjenging Contribute tjeb. oegi saking pandjenanipoen. (kita matoer noewoen.)

Taoen kapengker poenika pak, kita sampaen saged mitoloengi warga 7 djalaran pantjal donja. f 35 X 7 = 245.

Kala 16 Nov. 30 kita ngawontenaken pésta wonten ing Tjimahi. Bakda sami ndérék Mis inkang kasoevoen kangé pak. kita, ladjeng papanggilhan kalijan simabi dahar wonten ing dalemipeno sedérék Tawaäng.

Djalaran pista poenika, ing nríki koela mangajoe baaja sanget dateng lelabetanipoen sadérék C. Roosmin lan toew. Tawadang makaten oegi pangarsa tjeb. toew. Kaparang.

Toew. C. Roosmin koela poedji, wonten ing taoen poenika sageda kapilih ngrenggani pangarsaning tjebang.

Wantenipoen arta ingkang loemebet:

Entreé	f 174
Contribute	f 281,14
Panjade Statuten kanti pratanda	
dados warga	f 26
Dana	f 15,75
Goengoeng	f 496,89
Arta ingkang medal:	
Ngragadi warga 7	f 245
Wrugad statuten	f 25
" quitantie	f 7,50
Kasboeken	5,55
Wrugad telegram. (Tjimahi—Bnd.)	f 2,50
Wrugad pangreh dateng Tjimahi f	f 5,36
goengoeng	f 290,91

Gadahanipoen pakempalan:

Wanten ing Bandoeungsche Spaarbank	f 112,06
Ing kasipoen harta	74,92
Statuten lan pratanda dadas warga dèréng kasade	19
Goengoeng.—	f 205,98

Kempaling arta gagadahaning pakemp. lan ingkang medal wonten f 205,98 + f 290,91 = f 496,89.

Pangreh ingkang kapidji wonten ing taoen 31 poenika: Pangarsa toew. Rd. P. Djabardi

Moeda pangarsa toew. Elijas Panitra toew. G. Harahap. Hartaka 1. . . . R.J. Tahirin. Hartaka 2. . . . mevr. A. Djabardi.

Commissaris mevr. M. Moeljono lan toew. V. Soeharda.

Katoedding dodos propagandist wonten ing kring wanita mej. M. Mag. Sriningsih. wakil panitra. T. Atmasoesanta.

Parepatan warga K. W. Semarang.

Nalika dinten Ngahad tanggal 25 Januari 1931 K. W. Semarang ngawontenaken parepatan warga wonten ing Pastorie Randoevari. Katahing warga ingkang sami dateng nama njenengaken.

Djam 10,15 parepatan kabikak déning Voorzitter.

Nomer 1. Sadérék voorzitter ngandarakken kawontenakaning K. W. tjabang Semarang kala taoen kapengker.

Nomer 2. ladjeng ngrembag "Tata tjara" ingkang oegi sampaen karembaring ing Commissie tata-tjara Semarang. Poenika bade kakintoenaen dateng Hoofd-Commissie tata-tjara.

Nomer 3. ladjeng maos verslag pakarjan Kerstfeest nalika woelan December kapengker.

Nomer 4. noenten maas jarverslag Secretaris saha penningmeester. Sasampoenipoen kaanggep absah déning parepatan, noenten anetepaken warganing verificatiecommissie. Nomer 5. ingkang karembaring ingkang poenika serat-serat saking H. B. P. K. W., ingkang oegi ngrembag Radio-omroep. Ing sanalika poenika wonten sadérék 13 ingkang loemebet warga Radio-omroep.

Nomer 6. ngrembag oesoel dateng H. B.

a. Manawi pandjenengnipoen Pastoor Rijckevorsel djoemengen Geestelijke Adviseur malih, pangreh P.K.W. sasaged-saged njelakan Ambarawa. Candidaat-candidaatipoen ingkang poenika:

Ambarawa: Tjakrawardaja.

Ajat.

Soekahar.

Moentilan: Djajaatmadja.

Hardja Kandam.

Semarang: Djoepri Nitithardja.

Adisoesanta:

Djajaendra.

Soegiri.

Soepardjama.

b. P. K. W. soepados andjangkaa dateng praktische sociale actie, oepaminipoen: co-operatie, reclasseering, ngedegaken klinik lsp.

c. P. K. W. anggegesanga Katholiek goede lectuur.

d. P. K. W. ichtijara ngakrakeken pitepanjainpoen kalijan K. W. K. sarana ngawontenaken sesorah-sesorah déning P.K.W.

Oesoel - oesoel dateng K. W. Semarang.

Poenika K. W. Semarang boten prajogi ngawontenaken leenbank kangé mitoloengi sadérék - sadérék ingkang pinoedjoe betah jatra.

Prakawis poenika badé karembaring roemijin déning pangreh.

Nomer 7. ngrembag pilihan pangreh énggal. Pangarsa R. Adisoesanta.

Moeda pangarsa. R. M. Sarasanigrat.

1e. Panitra. J. S. Darmasewaja.

2e. " F. K. Marta.

Warga hardana H. Dwidjaatmadja.

Danaraga. A. Djoepri Nitithardja.

H. Soepadi, Soepardal Soemijojo.

Sabibaripoen poenika ladjeng netepaken awak-awak ingkang kenging kapatah dadas oetoesan dateng Congres.

Sasampoenipoen ngrembag pitakan-pitakan, parepatan katoetoep djam 2 sijang kanti nglehoeraken Asma Dalem Sri Jésous Secretaris. Darmasewaja.

Jaarverslag 1930. K. W. ing Semarang.

1. Tjatjahing warga ing poengkasanan taoen 1929, wonten 45.

ing poengkasanan taoen 1930, " 89.

Dados tjatjahing warga mindak . . . 44.

2. Kawontenakaning arta.

a. Ing salebeting taoen poenika contributie ingkang mlebet

f 157,78.

b. Ingkang kakintoenaen dateng pangreh K. W. + kabetahan sanés

f 114,58.

c. Saldo taoen kapengker.

f 46,05.

d. Saldo taoen poenika.

f 89,60.

3. Pangreh énggal mriksanana nggingil.

4. Tjatjahing parepatan:

Parepatan warga pangreh 9.

" miroenggan

5. Pandamelaning K. W.:

a. Ngladjengaken "Mardi Kawroeh" sesarangan kalijan kempalan Katholiek sanésipoen.

b. Damel pistan, nampi saha mitoloengi madosaken sipengan sadérék saking sadajining kita Semarang ingkang dateng perloe ndérék Mis Soeiji ing dinten riaja Paskah saha Kerstmis.

c. Ngawontenaken sesorah bab padvinderij.

d. " reclasseering.

e. Djedjoeroeng dateng Grédja ing Sedajoe saha Samaitan Medari.

f. Toemoet lengah ing Comite badé ngawontenaken clubgebouw "Penjeloech Semarang."

g. Toemoet madosaken pendoeroeng kangé mitoloengi bebjaya Likasan saha Merapi.

h. Madosaken warga Radio-omroep.

i. Mitoeloeng jebar boekoe Wasita Tama.

j. Ngestréni bikakanipoen R. K. Mulo k.

" pasangipoen banon kawitaning Giri Santa.

l. Ngawontenaken comité "Tata tjara".

m. Ngladjengaken bibliothek lan toko.

Penitra. J. S. D.

Tjabang K. W. Ngidjon.

Nalika tanggal 3 Februari 1931 (dinten Selasa Paing) pakempaning Pangroeki Laja Ngidjon, ngawontenaken parepatan taoen. Para warga pokok lan tameo ingkang rawuh wonten 26.

Ingkang karembaring 1. Pamboeka sesorahipoen Pangarsa toedjoenipoen ngénetaken

Tjatjahing tanggal 4 sonten baita nglangoengi Straat Bonifacio, saantawisipoen poelo Corsika(poelo kalahiranipoen sang praboe Napoleon) lan poelo Sardinie. Manawi redi-redi lateo ingkang wonten ing Tyrus, heensche zee sami katingal, Redi Stromboli ketingal sanget anggénipoen ngedalaken lahar.

Tanggal 5 éndjing kinten-kinten

djam 9 palaboehan Marseille sampon katingal saking tebihan. Ingkang tjeta wéla-wéla sanget kathe-dral Notre Dame de la Garde, wonten ing poetjaking redi. Kreteg gantoeng saé sanget ingkang ketingal.

Sisih kideel wonten poelonipoen pating tlenik, wonten bétengipoen lan wonten koendjaranipoen ingkang dipoenwastani "Chateau grifs" Graaf de monte Christo). Djam 9 langkoeng suprasakawan baita këndel wonten in Marseille.

Sareng paspoort sampaen katiti

ngénetaken. Soekaken këndel lan piuhán pangreh. Ingkang minangka dados awak-awaking P.P.L. sapoenipoen 1. R. J. Sastraatmadja, 2. R. R. Djajengsoekarta, 3. D. Ngadimun kabantoe para dana raaga tjatjahiwoen 7.

Bakda pilihan pangreh ladjeng ngaso. Sasampoenipoen tjekek, pangreh nampi oesoel-oesoel.

Sabiring oesoel-oesoel kaperloean P. P. L. ladjeng gesorahipoen Commissie K.W. déning sadérék R. S. Djajengsoekarta. Wosing seseorang, panejar sabda adjak-adjak sami ngadani pakempaning K. W. alasán réhing gotrah Katholiek ing Ngidjon sampaen rata katah, pakempaning-pakempaning sanés ingkang sampaen wonten, dadas ing Ngidjon kedah wonten soekipoen, ingkang minangka sesepeoh, ingkang poenika pakempaning kantip.

Bakda poenika kasambet sesorahipoen sadérék G. F. Hardjaadiosoemarta aseraoeng nerangaken toedjoening pakempaning K. W. lan pakempaning sociaal, katrangan-k

— Panjèr P. G. B. pindah dateng Soerakarta, dipoenembani s. Sasraprawata.

— Ing konggrès P. G. H. B. ngrikoe nampi motie soeraosipoen; konggrès boten badé angrembag prakawis-prakawis ingkang anggepok organisasi. Poenika margi angèngeti persatoean ingkang dèréng dangoe oemoeripoen poenika.

— Wawasan koela, konggrès P. G. H. B. ingkang kapengker poenika katingal boten patos anglegakken. Poenika margi para oetoesan katah ingkang p i n t e r - p i n t e r a n o m o n g . M à n g k a ing djaman-kados makaten poenika, leresipoen saben warganings pakempalan kedah gadah aksi sedikit bitjara banjak ekerdja. (A. S. D.).

VARIA.

WANGSOELAN DATENG CORRESPONDENTIEBLAD No. 1 JANUARI 1931.

Panjerat ing C.B. ngraes welas dateng koela, jalalaran koela boten saged nerangaken pambantahipoen, koela dipoenengelaken nganggè logica-hocus pocus. Koela pijnambel welas dateng sadérèk Panjerat ing C.B., amargi ngrika roemaos kempling ing logica, nangning sanjatanipoen djeboel namoeng logica-hocus pocus, menggal tandanpoen bade terang saking andaran koela ing ngandap poenika:

1). Panjerating C.B. moengel „Het is onloochenbaar dat gedogmatiseerd christendom een belemmering is voor de vrijheid van denken“ (waarmee wij bedoelen „het denken, waarbij iemand niet aan de geestelijke slavernij onderworpen is, zoals wel het geval is bij de Katholieken) merkt hij op: „Vrijdenken en toch volgen julie den Qor'an en de Ha'dis.“ Panjerat nganggè temboeng geestelijke slavernij ing ngrikoe kadjenipoen „kena ora koedo ngandel marang dogma.“ Poenapa makaten? Poenapa Panjerat manoet we-waton Islam boten *kedah ngandel* bilih Qoran poenika sabdaning Allah. Manawi *kedah ngandel*, poenapa poenika boten soelaja kalijan vrieniden? Sadaja bangsa Islam kedah sami ngoegemi, bilik wajoech poenika dipoen-lilani ing Qor'an. Poenapa „kedah ngoegemi“, poenika boten soelaja kalijan vrieniden? Manawi boten soelaja, vrijdenken poenika poenapa wonten tegesipoen kalih oetawi te-tiga?

2). Saking panginten koela, Panjerat C.B. endepaseksenipoen Rama Satiman dan Rama Semèroë Darmasepoeta poenapa malih Kardinaal Gibbons, sampoen ngertos, jén golongan Katoelik boten moelang 1 God + 1 God + 1 God = 1 God, dus 3 Goden = 1 God. Manawi *logisch*, temtoenipoen rak ladeng roemaoes klintoe, amargi „ngaran-arani sing ora njata, ikoe kliroe“. Mangka Panjerat ngaran-arani kang ora njata, jaikoe golongan Katoelik ora moelang 3 Goden = 1 God teka dienoekake moelang. Dadi jén mangkon Panjerat kliroe. Sanadjana makaten, meksa taksih moentir. Wondene Panjerat tijros boten ngertos, inggih ngrikoe, anggeripoen sampoen ngaran-arani ingkang boten njata ing prakawis ingkang perloe.

3). Panjerat moengel „Als antwoord voert de heer Petrus aan dat „de Bijbel den bolvorm van de arde niet ontken“. De zaak wordt heelmaal omgedraaid! Hij heeft dus willen zeggen: „De Bijbel erkent (wij cursteeren Red.) wel, dat de arde platen vierkant is, doch ontken niet, dat ze bol is.“

„Hij dus willen zeggen“ lah poenika klintoe, koela Petrus Soeradjoe heb niet willen zeggen Logicainpoen Panjerat tetela hucus-pocu. Jén koela moengel: „de Bijbel ontken niet, dat de arde bol is“, poenika manoet logica doedoetanipoen (conclusie) boten kedad kados pandoedoetipoen Panjerat, doedoetanipoen taksih wonten sanés inggih poenika „dus erkent dat de arde bol is“ oetawa namoeng boten ngrembag prakawis poenika. Saminipoen tijang „bo'en ngantoe“ poenika doedoetanipoen boten teka ke-dah „gèdèg“ nangning saged oegi „mèndel kémawon“.

4). Panjerat moengel „Als antwoord voert de heer Petrus aan dat „de Bijbel den bolvorm van de arde niet ontken“. De zaak wordt heelmaal omgedraaid! Hij heeft dus willen zeggen: „De Bijbel erkent (wij cursteeren Red.) wel, dat de arde platen vierkant is, doch ontken niet, dat ze bol is.“

Sad. A. J. Soetantri, bakda noeroen tilgramipoen, ladeng:

Menoroet pendapatan saja — tento djeoga pendapat kaeom Kristen baik Protestant maopeon Katholieke — hal penemoean toelang-toelang itoe:

a. tidak perloe diselidiki lebih landoet.

b. perkara boleh atau tidaknya mengambil toelang-toelang itoe hanja tergaontoeng dari achli warisna (apa bila ada jang mengkoenja).

c. akan tetapi djanganlah sekali menetapkan bahwa toelang-toelang itoe ada toelang dari pada Toehan Jezus Kristus.

Keren:

Toehan Jezus tidak wafat.

Betoel soedah pernah wafat akan tetapi tiga hari pada wafatnya soedah bangkit lagi dari wafat dan keempat poeloeh harinjan lajoe michrad ke soerga dengan badannja.

Hal kebangkitan dari wafatnya hingga sampai michradja itoelah disaksikan oleh sekalian sahabat-sahabat atau rasoelna lagi poela disaksikan oleh publiek di itoe masa.

Kanggè boekti, ladeng metik Indjil anggitanipoen St. Loekas XXIII 44 — 56 sarta XXIV 1 — 53.

Nanging paseksèn poenika poenapa kenging kaandel? Wangsoelanipoen:

Seorang journalist koran haroes boleh bertemu dengan oleh publiek: apa lagi rasoel Loekas, jang boekan seorang journalist koran biasa, akan tetapi seorang journalist dari koran na Toehan (kitab Indjil), orang haroes lebih bertemu lagi dengan apa jang soedah ditoelisna itoe.

Sampoen marem!! Soekoer!

Si LAN.

OERAP - SARI.

KABAR KATOELIK.

Encycliek bab Idjab.

Encycliek waoe anggènipoen medali mawi dipoensoekani pertalan opisijil ing basa warni-warni.

„Osservatore Romano“ 9 Djanoewari sonten sampoen ngewrat Encycliek waoe mawi basa Italiai.

Correspondent-ipoen „Messagers“ 8 Djanoewari sijang sampoen ngin-toenaken pertalanipoen ing basa Inggris saking Vaticaan dateng Amérikah, medal tilgram (langkoeng saking 20.000 temboeng, wragadipoen langkoeng saking 50.000 lire).

Pertalanipoen ing basa Djerman sawatawisi dinten engkas saweg badé rampoeng. Déné salebetipoen poe-

nika wakilipoen pers Djerman na-moeng angsal reringkesanipoen ma-wi basa Djerman. Sadérèk Katoelik Djerman mesti kémawon méri. Pertalan Walandi sampoen medal.

P. Superior A. van Kalken.

Tanggal 25 woelan poenika, pan-jenenganipoen P. Superior A. van Kalken pangkat kondoor perlop dateng nagari Walandi. — nDérèkaken soengeng.

Missie Kaja-kaja.

Seminarie ing Ngajogja prasasat kados kadawahan ing daroe, margi sampoen kanggè papan medar sabda bab Missie Kaja-kaja ing pandje-nunganipoen Rama Verhoeven, mis-sionaris bangsa Kaja-kaja. Katah panggénan ingkang kepéngin di-poenrawoehi saha mirengaken sab-danipoen, annging boten saged ke-toeroetan, djalaran Rama Verhoeven kedah énggal-énggal wangsoel dateng Nieuw-Guinea.

6). Bab polygamie. Jen tjara Panjerat C.B. djampinipoen njoeda prostitutes poenika polygamie. Dados manoet Panjerat, tijang dja-ler wajoech poenika boten kabekta saking badé noeroeti hawa, nangning kanggè ngitjali prostitutes. Tjoli kémawon Panjerat koela atoeri damel propagandah soepoad tetijang sami wajoech sapantokoek - pikantokoekpoen, san-dian *warni auwen*, inggih kapendeta. Koela poeroen tanggel, Panjerat temtoe dipoen-goedjeng. Poenika tanda jén piwoelang ingkang dipoenanggep loehoer waoe tjara woh-iwoen makaten: kopong.

Manoet panjerat: de hartstochten, die een integreerd deel van haar natuur vormen wanneer zij haar hartstochten bedwingen kunnen, moeten zij ook hun eelst lust (honger en dorst) kunnen beteugelen dat de onderdrukking der hartstochten of sexuele uitongering evenals uitongering door gebrek aan voedsel, invloed heeft op haar gezondheid.

Logica-hocus pocus! Njata jén hawa-ne-poena poenika golonganipon krodat. Nangning jén eeflust kasamékanen hartstochten poenika boten njata. Tandanipoen: kapal boten dipointendati sawatawisi dinten: pediah, sareng sadegipoen gesang boten kadjodokaken, teka teka boten poenapa - poenapa.

Jén hawa - nepsone boten kenging kapekak, laré ingkang oemoer 15 — 17 taoen kedah kámeh - émahaken, jén boten makaten, min-dak sakit, awit hawa nepsoneipoen sampaen ngating. Poenapa makaten?

Soepados sampoen kepadangjen, koela tjoegang semanten. Namoeng bab „mi'radj“ koela matoer sakedik. Koela dipoenangandikan Rama Semèroë Darmasepoeta bilik Toewan Mirza Baig tjarios, jén. „Mi'radj“ kados pa-manghihipoen Mohamadijah Jan tijang Djawa joetan, inggih poenika bilik mi'radj mawi badan saëstoë poenika goegen-toehon, boten bade kaliahan goegen-toehonipon bangsa Katoelik ingkang sami pitados dateng pangéram-éram, mila inggih badé dipoenpera-pani, kados anggènipoen merangi goegen-toehonipon bangsa Katoelik. Poenapa Toewan Mirza Baig boten kenging kagega? Kabar, dadas leider Ahmadijah. Jen Toewan Mirza Baig ngandika makaten, poenapa boten tetela, bilih ing agami Islam poenika wonten verdeeldheid?

Koela poen: Petrus Soeradjoe.

OEGERIPOEN SAMPOEN KATJEPENG KLAJAN SAÉ.

Ing Sw. Tm. No. 4 koela sam-poem njaosi wawasan bab peti mawi seratan „Jésous anaké Joesoep.“ Ing ngrika koela metik wawasan-ipoen sadérèk A.J. Soetantri won-tent ing „Bahagia“ no. 14.

Sad. A. J. Soetantri, bakda noeroen tilgramipoen, ladeng:

Menoroet pendapatan saja — tento djeoga pendapat kaeom Kristen baik Protestant maopeon Katholieke — hal penemoean toelang-toelang itoe:

a. tidak perloe diselidiki lebih landoet.

b. perkara boleh atau tidaknya mengambil toelang-toelang itoe hanja tergaontoeng dari achli warisna (apa bila ada jang mengkoenja).

c. akan tetapi djanganlah sekali menetapkan bahwa toelang-toelang itoe ada toelang dari pada Toehan Jezus Kristus.

Keren:

Toehan Jezus tidak wafat.

Betoel soedah pernah wafat akan tetapi tiga hari pada wafatnya soedah bangkit lagi dari wafat dan keempat poeloeh harinjan lajoe michrad ke soerga dengan badannja.

Hal kebangkitan dari wafatnya hingga sampai michradja itoelah disaksikan oleh sekalian sahabat-sahabat atau rasoelna lagi poela disaksikan oleh publiek di itoe masa.

Kanggè boekti, ladeng metik Indjil anggitanipoen St. Loekas XXIII 44 — 56 sarta XXIV 1 — 53.

Nanging paseksèn poenika poenapa kenging kaandel? Wangsoelanipoen:

Seorang journalist koran haroes boleh bertemu dengan oleh publiek: apa lagi rasoel Loekas, jang boekan seorang journalist koran biasa, akan tetapi seorang journalist dari koran na Toehan (kitab Indjil), orang haroes lebih bertemu lagi dengan apa jang soedah ditoelisna itoe.

Sampoen marem!! Soekoer!

Si LAN.

ONTJÈN SEKAR GAMBIER MELATI.

REGEERING PRIHATOS.

Poepoer sawisé bendjoet.

iija bisa anjepaki bakalé. Apa regeering ora manggalih sing kaja mangkéné? . . . Ah kirakoe ija digalih, nangning arep nindakaké pakéwoeh ingati. Awit ora woeroeng mesti bakal nganakaké concurrentie karo jasan nagara mantja!

Saoepami waoe-waoenipoen, nagi-gandeng kalijan tijang pribomei ngadjengaken kanti sanget dateng tatanènipoen Indonesiërs, ngadjengaken kapoek pribomei, lss. kinten koela boten badé ing gedong Volks-raad wonten swanten makaten. Saoepami wiwit roemijn nagari tjékbat-tjékbat angesati rawa-rawa, aaneboesi siti-siti partikelir. . . . Nangning, saoepami ngantosa tléedor, poenika inggih boten maiben, . . . djer koloniaal-belaeng (be-tahing nagari ingkang gadah dja-djahan) poenika saged anoewoeh-aken lampah téga, wentalan.

O, . . . regeering prihatos ningali kawontenan ékonomi, Nangning, kita langkoeng prihatos manawi njoeme-repi gagadahan kita ingkang dipoen-oendoehi tetijang mantja waoe. Kita ingkang katah-katah namoeng dodos batoer, ingkang begdja-beg-djanipoen namoeng angsal korédan.

Nangning, sadérèk, koela inggih boten badé namoeng ndoemoek go-longan ngrika. Tétela sanget: sapoe-nikanipoen Indonesiërs pijambak ke-dah angadjengaken dateng njam-boet damel pijambak. Kita kedah ngoodi sagedipoen menang pinter, menang prigel, menang praktik.

Sadérèk! Sawoelan kapengker koela martoewi dateng Moentilan. Koela ningali waroeng saeler Normaalschool. Kawontenaniipoen taksih panggeng kémawon sami kalijan sada-sa taoen kapengker. Sinten ingkang boten ngeloes dada?

Pandjeneng priksani panggaot-an ambatik poenikal Sinten benda-ranipoen, sinten toekangipoen nge-rok? O, kasihan!

Anggrantes manah koela manawi ngraosaken kawontenan-kawontenan ingkang makaten poenika.

O, iba ageng manah koela, manawi salebetipoen malaise poenika para pangandjoer lan regeering sami angadjengaken bangsa kita dateng njamboet damel pijambak kanti toememen; sami angitjalaken raos-ipoen: moeng trima dadi anték!

Langkoeng bingah malih, manawi ing djaman malaise poenika nagari sage angitjitaraken soepados regi-ning wos (tetelan) saged mirah sa-ngat.

Krisis-ékonomi taoen 1930 poenika dados pangèng-énggetipoen Indische regeering bilik gemi makaten kedah toemindak ing sawantji-wantji, kado-dos atoer koela ingkang sampoen-pamoeng.

Kumuningsaselé 9 Febr. 31. Taklim:

Patjar Merah.

CORRESPONDENTIE.

Matoer noewoen dateng para sedérèk ingkang sampoen sami paring pendjeroeng karang-n. i. p. Patricius X; Priangga; Gadjah Madha; Itoedja; P. K. Koplok; Persaudaraan Poerwakerta. Inggi sampoen ndadosaken penggalih, déné dèréng medal sapoenika:

Red.

1. J. S. P.: mitoeroet pranataning negari, standplaats toelage poenika namoeng kanggè soegih! Nangning téla waoe kawé-dalaen dateng Amérika lss. Manawi wangsuel mriki sampoen malih dados badé neda oelam waoe, kawé sandé. Éman sanget!

Taneman kapek, Indonesia gadah! Nangning kapek waoe kakésahaken medal, wangsuelipoen sampoen dados badé lss. Indonesiërs manawi toem-bas kanti regi awis, toer bokmanawi sampoen pangling bilik aslinipoen barang waoe saking tanahipoen pi-jambak.

Taneman téla, Indonesia inggih soegih! Nangning téla waoe kawé-dalaen dateng Amérika lss. Manawi wangsuel mriki sampoen malih dados lim sawarnining lim, dados roti mari lss.

Mangka medal mlebeting barang waoe, kanti prabéja boten sakedik. Mila panjadéniipoen inggih awis. Pangoeda raosing manah koela:

Apa ora kelakan Indonesia angedegaké pabrik mori? Pabrik beskoewit, III., tjekak sawarnaaning pabrik? Saka pangirakoe Indonesia

Dados jén wonten montor toemboek poenapa kadiloengoepl ing djoerang, inggih lepatipoen sopir, jén boten inggih saking awoning margil Pantjèn wonten ingkang kesangeten!! Poenapa Paréntah sampon iboet njaékan, koela kirang terang.

Jén wonten sadérèk saking kidoel - kidoelan badé ningali grija sakit ing Bara, Grédja sapanoeng-gilanipoen, sampoen boten badé kel

Recept²

E
R
E
C
E

APOTHEKEN

Rathkamp
& Co.

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

:- AGENT :-
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA : Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST : AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moelaï f 55.—, f 65.—, f 75— dengan perkakasnja : klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak.
Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk : ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega : Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirimmi keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESENA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. NO. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HER-
LODIJ dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF. No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannya.

ROTIE - ROTIE, KOEWEE - KOEWEE dan
BESCHUIT - BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK -
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electries, bisa giling aloses
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tanggoeng sampee menjengken, harga per
pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedijken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

ketjingkrangan, lan malih wedalan
Kilénan, inggih boten kontit. Ing
ngriki hulde malih dateng Rama
Schouten, nanging langkoeng-langkoeng
dateng para siswa ingkang
nglampaahi. Awit soepados saged
nindakaken klajan saé, kedah saged
anggajoeh raos Kilénan. Lha poen-
ika dédé dolanan!

Rama Schouten, embok inggih
sampoen ngoender ing salebetipoen
tjepoerining college kémawon! Kar-
sa medali dateng ndjawi, soepados
sadérèk Indonesiér soemerep kesa-
gedanipoen ném-némān Indonesiér.

KABAR SAKING SOERABAIA.

Menggah ingkang badé koela
atoerken ing riki boten kok ageng,
redja toewin saéning kita, nanging
kawontenaning pakempalanipoen se-
dérèk Katholieck Djawi ing kita riki.

Gesangging pakempalan-pakem-
palan ing riki, sapérangan ageng
boten saged damel seneng lan ma-
reming manah, djer ratjat sami
oentjrit - oentjriten kémawon. Ing
riki klebet oegi K. W. tjabang Soe-
rabaia. Saja dangoe K. W. saja ke-
tingal kera, ringkih, mendlap-men-
dip; hla.... woesananipoen.....
kanti sangga wang koela kapeksa
matoer bilih K. W. waoe ing wek-
dal poenika (voorloopig) kapeksa
njoewoen ngaso roemijn. Déné
ingkang dados sebab - sebabipoen
boten perloe koela atoeraken ing
riki.

Poenapa namoeng doemoegi
sementen lelampahaning K. W. tja-
bang Soerabaia? Poenapa sampoen
trimah nglokro sajektos? Poenapa
sampoen tjoentel babar pisan? O,
dérèng, para maos! Kita meksa
teksih badé ngetokaken kekijatan kita
ing sasaged - sagedipoen, teksih
badé ngoedi malih soepados ing
papan riki sampoen ngantos ketjo-
blongan pakempalan sociaal. Perka-
wis poenika teksih dados rembag.

Kedjawi K. W., ing Soerabaia
oegi teksih wonten pakempalan sa-
nés; inggih poenika Pangroeki Laja.
Ing kita riki kanamakaken Begra-
fenisfonds Katholieck Djawi Soe-
rabaia. (B. K. D. S.). Madegipoen
pakempalan poenika sepriki kinten-
kinten sampoen wonten gansal
taoenan. Ing sekawit gesangipoen
inggih idem kémawon kalijan K.W.,
alias oentjrit-oentjriten. Sampoena
énggal-énggal dipoendokteri, wah,
béka.... temtoe sampoen kakoe-
boer wingi-wingi. Doemoegi akirin
taoen 1928 pakempalan waoe sampoen
.... meer dood dan leven.
Nanging wiwit taoen 1929 ladjeng
ketinggal abrit malih tjanjapiroen.
Nalika perepatan tg. 27 April 1929
B. K. D. S. kaseboelan soekma éng-
gal. Wiwit wekdal poenika kekij-
tanipoen wangsoel malih; tjaja ke-
tingal abrit, badan dados kijat,
saja dangoe saja mindak bregas.
Doemoegi poengkasaraning taoen 1929
tjatjahing warga wonten 15. Sale-
betipoen taoen 1930 gesangipoen
ketinggal soeboer, katanda saking
tjatjahing warga toewin kawontena-

FRIELING'S GLANSVERF A

kanggé netjet ndjawi lan nglebet grija, kantoen ngoes-
aken kémawon, teroes kenging kaanggé.
Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2½ 1 ½ KILO
sa - blèg 10,50 5,50 3 1,30 0,75 roepijah
Ijzermenie mawi ijzeroxyde 80 doemoegi 90%, kantoen
ngoesaraken kémawon, teroes kenging kaanggé.
Dipoenwadahi blèg netto 10 5 2½ 1 ½ KILO
sa - blèg 7.- 3,75 2,15 0,95 0,55 roepijah
Loodmenie toelen, regi oegi sami samanten.
garng woedjoen boeboekan
dipoenwadahi tong à 50 Kilo, sa-tong F 28,50.

Verfabriek R. B. FRIELING
HOEKHUIS GONDHOMANAN SAJIDAN — DJOKJA.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak - anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

ning kas. Tjatjahing warga waoe
tansah mindak - mindak kémawon.
Ngantos doemoegi akirin taoen
1930 B. K. D. S. saged gadah warga
43. Doemoegi titimangsa poenika
mindak malih 11, dados goenggoeng
wonten 54.

Kawontenanipoen B. K. D. S. ing-
kang kados makaten poenika adame-
mel mongkoking manah kita, gotrah
Katholieck Djawi ing Soerabaia.
Nanging kita inggih roemas teksih
kirang marem. Djalaran tjatjahing
warga poenika waoe dérèng saged
timbang lan tjatjahing sedérèk Kath.
Djawi ing kita riki. Liripoen teksih
katah oegi sedérèk ingkang dérèng
kersa angegeboer wonten ing kala-
nganing pakempalan poenika.

O, sadérèk Katholieck Djawi ing
Soerabaia! Pandjenengan sedaja ing-
kang teksih dérèng dados warga-
ning B. K. D. S., mangga koela atoeri
mengalih ingkang saéstoe. Boten se-
kedi lo, sedérèk, paédahipoen pa-
kempalan wae. Sami-sami pakem-
palan, satoenggal poenika klebet
ingkang perloe pijambak. Lang-
koeng - langkoeng kaggé gesang
wonten ing Soerabaia. É, senaosa
pandjenengan boten toemoet pa-
kempalan poenapa kémawon, na-
ging poma lo, sedérèk, B. K. D. S.
sampoen pandjenengan tilar. Mèh
kenging katamatokaken bilih pandje-
nengan oegi badé toemoet ngoen-
doeh wohipoen. Déné botenipoen
inggih idep-idep „menjokong bang-
sa“. Idep-idep toemoet ngraboek
jejasanipoen sedérèk-sedérèk pan-
djenengan sadaja. Mila mangga ing
dinten poenika oegi moegi kersa
maringaken adres pandjenengan da-
teng salah - satoenggiling sadérèk
ing ngandap poenika, soepados
pandjenengan sageda katjatet dados
warganing B. K. D. S. Bab katera-
gan - keterangan saged moendoet
dateng salah - satoenggiling warga
pangréh; i.p.:

Voorzitter. Sad. P. Sarwan,
Djoewetweg 19. (Tambaksari)
Secretaris. Sad. Rs. Soemrah,
Tembaan 29.

Penningmeester. Sad. J. Djojotaroeno,
Djamboeweg 80. (Tambaksari)

Sedérèk, mangga énggal koela
atoeri mlebet dados warganing B.
K. D. S. Sampoen mawi ngentosi
sanés dinten. Djalaran dérèng tem-
toe menawi bédjing-éndjung teksih
wonten dinten malih kagem pandje-
nengan. Sinten ingkang ngertos
bilih pandjenengan oetawi salah-
satoenggiling koela warga pandje-
nengan bédjing-éndjung sampoen
katimbalan, mangka gék pandje-
nengan teksih soeling-soeling wonten
sadjawining kalanganing B. K. D. S.
Hla, ladjeng kados-poendi? Won-
tenipoen rak inggih namoeng ladjeng
.... mea culpa. Pramila mangga
kersa ndahar atoer koela. Jekots,
lo!!!!

Para maos! bokmenawi sawe-
nèhing pandjenengan wonten ing

kang radi mèsem menawi mireng
kabaripoen K. W. Soerabia poenika.
Nanging sedérèk ingkang dedalem
oetawi ingkang sampoen naté de-
dalem wonten ing kita kados déné
Soerabala temtoe boten badé goe-
moen. Djalaran sampoen mangertos
kados - poendi rekaosipoen anggèn
kita badé ngadjengken pakempalan
wonten ing kigkang kados me-
katen agengipoen. Déné anggèn
koela ngotjéhaken kawontenan-ka-
wontenan ing nginggil poenika na-
moeng soepados pandjenengan sa-
geda mangertos sekedik - sekedik
dateng kawontenanipoen sadérèk-
sadérèk pandjenengan ingkang sami
kepentjil wonten ing Soerabaia.
Ingkang poenika soepados ladjeng
sami kersa ngréntjangi ngré-
kada, soepados saged kaleksanan
sedyta kita anggèn kita badé na-
ngékaken K. W. afd. Soerabaia, sarta
toemoet memoedji oegi amrih sem-
poeloer, ngrebla lan widadaning
Begrafenisfonds Katholieck Djawi
Soerabaia.

Woesana menawi wonten lepat
toewin kladak-kladoeking atoer koe-
la njoewoen genging pangaksama.

Soerabaia
R. S.

KABAR OEMOEM.

INDONESIA.

Kanggé kangangsaran Merapi.

Ingkang sampoen f 37,48⁵
Sekolahan kl. II. Wanase-
gara Telawa N. S. S. f 3,—
Comité sedérèk Katoliek
Ngajogja f 99,80

Goenggoeng f 140,28⁵

Taksih wonten malih? Mangga
énggal!

Radio ing Vaticaan.

Minggoe ingkang kapengker poen-
ika setatiene Radio ing Vaticaan
sampoen dipoenberkahi, kabikak
opisijil. Retja-ekek njobi saged mi-
rangkan, makaten oegi ing Soera-
baia.

Rome boten kolot, nanging saged ngi-
daki, ngemong saha nenoentoen djaman!

P. S. I. I.

Congres P. S. I. I. kinten-kinten
boten wonten ing Ngajodja anang-
wonten ing Soerabaja bédjing 13
doemoegi 18 Maart.

Moegi wontena wohipoen jekots!

B. O. Sragèn.

Rikala 1 Febr. afd. B. O. Sragèn
ngawontenaken Openbare Vergade-
ring. Warni-warni ingkang karembag.
Wondéné ingkang perloe pijam
bak inggih poenika prakawis bab
éwahing statuen soepados tijang
pribomeo sadaja saged dados war-
gananing B.O. Kadjengipoen afd. B.O.
Sragèn, soepados partij kados déné B.
O. Pasoendaen poenika kabibrach sa-
geda manoenggil. (fusie).

Babagan poenika Sragèn kapatah

déné H.B. B.O. damel praeadvies
bédjing Congrès ing Batawi.

mBibrah pakempalan ingkang sampoen
wonten soepados namoeng dados fusie?

Ngatos-atos lo! poenika déde baén-baén!

Begrooting Kasoeltanan Ngajodja.
(tjekakan).

Woedjoeding begrooting ing Ka-
soeltanan Ngajodja ing taoen 1931
poenika kanggé:

kabetahan perso-
neel. f 2.617.440.

kabetahan materi-
aal f 2.936.170.

kabetahan kapitaal f 882.172.

kabetahan onvoorzien f 66.879.

goenggoeng f 5,051.554.

taoen kapengker. f 5,712.356.

Pantjénipoen algemeene middelen
tirah f 723.170, nanging kanggé ka-
batahan buiten gewone dienst.
f 821, 872. dados. kirang f 98.705.

Namoeng kekirangan semantan mangsa
awon taksih nama wiloedjeng!

Bezuiniging

Rikala 10-2-31. p.t. C van den
Bussche, wewakiling Negaribabagan
financiën, ngandarakken kawontena-
ning arta negari wonten ing Volks-
raad ingkang wosipoen. kirang lang-
koeng:

Ing sadérèngipoen woelan April poe-
nika Negeri badé ngawontenaken parepa-
tan Volksraad miroenggan perloe ngrem-
bag:

1e éwah-éwahan soedan kanggé taoen
1931.

3e. éwah-éwahan